

PWOSEDI POU APLIKASYON

ENFÒME W PLIS SOU CHWA LEKÒL LETA DAPRE LWA PA KITE OKENN TIMOUN RET DÈYÈ NO CHILD LEFT BEHIND (NCLB) A

Patisipe nan yon Sesyon enfòmasyon Poze kesyon sou pwosesis aplikasyon pou chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB. Ap gen entèprèt k ap la pou entèprete pou ou an kreyòl ayisyen.

Borough	Dat	Lè	Lokal lekòl	Adrès
Brooklyn	Jedi, 14 me 2009	6è00-8è00 pm	Andries Hudde Junior High School	2500 Nostrand Avenue
Brooklyn	Lendi, 11 me 2009	6è00-8è00 pm	Brooklyn Technical High School	29 Fort Greene Place
Bronx	Madi, 12 me 2009	6è00-8è00 pm	Roosevelt Educational Campus	500 East Fordham Road
Bronx	Mèkredi, 13 me 2009	6è00-8è00 pm	Roosevelt Educational Campus	500 East Fordham Road
Manhattan	Mèkredi, 13 me 2009	6è00-8è00 pm	Stuyvesant High School	345 Chambers Street
Manhattan	Mèkredi, 6 me 2009	6è00-8è00 pm	Louis D. Brandeis High School	145 West 84 th Street
Queens	Mèkredi, 6 me 2009	6è00-8è00 pm	Aviation High School	45-30 36 th Street
Queens	Jedi, 7 me 2009	6è00-8è00 pm	John Adams High School	101-01 Rockaway Blvd

Rechèch Itilize rezilta Sondaj sou Anviwònman Aprantisaj la , Kontwòl Kalite ak Rapò sou pwogrè pou w ka enfòme plis sou lekòl yo.

KÒMAN POU W RANPLI FÒMILÈ APLIKASYON POU W MANDE TRANSFÈ A

- ➔ Si w pa vle mande yon transfè : Seleksyone “NO”, epi voye Fòmilè Aplikasyon pou mande transfè a tounen nan anvlòp ki tou gen tenb sou li a nou voye ba w la.
- ➔ Si w vle mande yon transfè : Seleksyone “WI”, epi voye Fòmilè Aplikasyon pou mande transfè a tounen nan anvlòp ki tou gen tenb sou li nou voye ba w la.
- ➔ **Kenbe yon kopi Fòmilè Aplikasyon ou fin ranpli a pou dosye pa w, epi voye l tounen ba nou pa lapòs avan 22 me 2009.**

KÒMAN POU W LI FÒMILÈ APLIKASYON POU MANDE TRANSFÈ A

Kòm referans, nou mete lekòl ki kalifye pou aksepte elèv dapre pwogram Chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB a nan lis nou mete nan pake a.

- Yo site an premye lekòl ki nan distri kote w abite a.
- Elèv Edikasyon espesyal *Special education* (ED) ki resevwa sèvis transpò de pòt-an-pòt dapre yon Plan Edikasyon endividyèl *Individualized Education Program* (IEP) ap kontinye resevwa sèvis transpò ke yo egzije pou yo resevwa si yo transfere nan yon lòt lekòl dapre pwogram Chwa lekòl leta dapre Lwa NCLB a. Ou ka kontakte tou Biwo pou Transpò Elèv *Office of Pupil Transportation* (OPT) nan (718) 392-8855 oswa ale sou sit wèb la nan www.nyc.gov/schools/Offices/Transportation
- Yo mete done sou pèfòmans lekòl yo atann pou nivo klas pitit ou a akote chak lekòl Gen plis enfòmasyon ki disponib tou sou Entènèt nan www.nyc.gov/schools/Accountability/SchoolReports
- NYCDOE ap chèche yon lekòl disponib ki ka ofri pitit ou a pwogram ED ak sèvis yo rekòmande nan IEP li a dapre egzijans Lwa Edikasyon pou moun ki gen andikap *Individuals with Disabilities Education Act* (IDEA), Seksyon 504 Lwa sou reyabilitasyon *Section 504 of the Rehabilitation Act* , ak Tit II.Lwa pou Ameriken ki gen andikap *Americans with Disabilities Act* (ADA).
- **Lwa federal egzije pou NYCDOE bay elèv ki travay nan nivo pi ba yo, ki abite nan kay kote pa gen anpil lajan k ap rantre, priyorite.**

OU GEN KESYON? Kontakte Biwo Enskripsyon nan Borough *Borough Enrollment Office* (BEO), oswa Defansè Dwa fanmiy nan Distri a *District Family Advocate* (DFA) yo mete nan Fòmilè Aplikasyon pou mande transfè. Gen materyèl tou tradwi ki disponib tou sou Entènèt nan www.nyc.gov/schools/ChoicesEnrollment/ChangingSchools

PA voye okenn lòt materyèl ansanm ak aplikasyon w lan.